



Kisa ou bezwen pou Ou Mete Kò w apa an Sekirite lakay ou epi Pou w Goumen ak COVID-19

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

 **Test & Trace
Corps**

Chè Nouyòkè:

Ou gen yon wòl enpòtan pou jwe pou kenbe vil nou an san danje ak dinamik, epi pou redwi pwopagasyon COVID-19 la. Li enpòtan pou w pran swen tèt ou, epi pwoteje moun ou renmen yo ak kominote w la.

NYC Test & Trace Corps ap voye ba ou pake "Pran Swen" (Take Care) sa a ki gen ladan l atik ki nesèsè pou ede w mete kò w apa lakay ou, rete an sante epi pwoteje moun ou renmen yo.

Li enpòtan pou siveye sentòm ou yo epi pou jwenn resous ou bezwen yo pou w ka rete an sante.

Pake Take Care w lan gen ladan:

- Mask pou vizaj pou mete lè w bezwen al kote lòt moun
- Sanitayzè pou ede kenbe men w pwòp
- Tèmomèt pou siveye tanperati w
- Tès antijèn rapid pou detekte yon enfeksyon COVID-19 aktif potansyèl

Nan Gid Take Care (Pran Swen) sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou kòman pou w mete kò w apa an sekirite epi kòman pou w itilize atik sa yo.

Epitou, ou ka rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) pou plis enfòmasyon oswa al gade nan testandtrace.nyc oswa bit.ly/NYCTraceInfo pou aprann plis.

Mèsi dèske w ede nan redui pwopagasyon COVID-19 lan.

Rete an sekirite! Rete an sante!
NYC Test & Trace Corps



Al gade nan testandtrace.nyc
oubyen eskane kòd QR lan
pou jwenn plis enfòmasyon.



Pwoteje Moun ou Renmen yo

Èske ou gen kontak sere (mwens pase sis pye) ak nenpòt ki moun nan dènve de semèn sa yo? Pa kite sante yo menase. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou w notifiye kontak pwòch ou yo, ale sou bit.ly/tellcontacts.

Ou menm ak kontak pwòch ou yo ka gen lapè nan lespri nou si nou fè tès COVID-19 lan. Tès la san danje, rapid epi konfidansyèl. Ou kapab al gade nan nyc.gov/covidtest oswa pataje kòd ki anba a pou ede kontak ou yo jwenn enfòmasyon konsènan COVID-19 epi pou yo jwenn yon sant ki fè tès toupre lakay yo.



Kenbe telefòn ou sou kòd la epi ouvè lyen an.

Voye lyen an nan yon mesaj bay kontak ou ak moun ou renmen yo.

Konsèy pou w mete kò w apa an sekirite lakay ou epi pou w goumen ak COVID-19

Pifò moun ki gen COVID-19 gen yon ti maladi lejè, kidonk yo ka refè poukont yo lakay yo san swen medikal. Li enpòtan pou w suiv etap sa yo yon fason pou w pwoteje tèt ou ak lòt yo pandan w met kò w apa an sekirite lakay ou.

- Lave oswa pase dezenfektan nan tout men w souvan.
- Mete yon mask nan vizaj ou si w gen pou an kontak ak lòt moun.
- Netwaye sifas yo itilize souvan yo chak jou.
- Pa pataje! Kenbe bagay ou yo poukont ou, espesyalman nan espas komen tankou saldeben.
- Jwenn pwòp plas pa w. Li enpòtan pou w gen yon chanm kote w mete kò w apa pa rapò ak lòt moun yo.
- Dòmi pou kont ou nan yon pyès ki gen yon fenèt epi ki byen ayere. Si ou dòmi nan menm kabann ak yon lòt moun, dòmi tèt anba pa rapò ak lòt moun lan oubyen yon moun ta dwe dòmi sou sofa a oswa atè a.
- Siveye tanperati w ak sentom ou yo.



Mete Mask nan Figi ou

Èske w konnen gen yon bon fason ak yon move fason pou itilize yon mask pou figi?

Kòman mwen dwe mete mask mwen an?

- Kèk mask ak respiratè ofri plis pwoteksyon pase lòt. Mask an twal yo ofri pi piti pwoteksyon, mask chirijikal yo ofri plis pwoteksyon ak mask KN95 ak N95 yo ofri plis pwoteksyon pase tout.
- Piga ou mete yon mask sou oswa anba yon mask N95 oswa KN9.
- Si ou vle mete yon mask an twal, ou ka jwenn plis pwoteksyon lè ou metet de pwoteksyon figi (yon mask an twal sou yon mask jetab), ki chita pi byen epi ajoute plis kouch.
- Piga ou mete de (2) mask jetab.
- Lave men w ak dlo ak savon oswa itilize yon dezenfektan ki fèt ak alkòl pou evite kontamine mask ou an.
- Kenbe mask ou an nan pasan pou pase nan zòrèy ou a oswa nan fil yo. Ansuit, pase chak pasan nan chak zòrèy oswa mare fil la dèyè tèt ou.
- Ouvri mask la pou li kouvri alafwa nen w ak bouch ou. Rive li anba manton w.
- Pense ti pyès ki ka koube sou nen w lan, si genyen yonn, yon fason pou sekirize mask la.
- Asire w ke mask la byen chita nan chak bò figi w.

Kòman mwen dwe retire mask mwen an?

- Detache fil ki dèyè tèt ou an oswa pran l nan pasan ki dèyè zòrèy ou a. Evite manyen devan mask la.
- Rale li pa devan pou w retire l nan figi w. Fè atansyon pou w pa manyen figi w.
- Lave men w ak dlo ak savon oswa itilize yon dezenfektan ki fèt ak alkòl.

Konsèy pou lè w met mask

- Pati deyò mask la kontamine. Si ou manyen l, lave men w oswa itilize yon dezenfektan ki fèt ak alkòl imedyatman.
- Evite mete yon mask ou itilize sou yon sifas ki pa gen anyen sou li oswa yon kontwa. Mete mask la nan yon napkin oswa nan yon sachè an papye.
- Ou pa bezwen mete yon lòt mask chak jou amwenske li mouye oswa andomaje. Si sa rive, jete li epi itilize yon nouvo mask.



Kenbe Men w Pwòp!

Lave men w se yonn nan meyè mwayen pou evite jèm yo pwopaje. Lave men w ak savon ak dlo se yonn nan meyè mwayen pou w elimine jèm yo, men ou ka itilize dezenfektan tou ki gen pou pi piti 60% alkòl.

Kòman pou nou byen lave men nou ak dlo ak savon

1. Mouye men w ak dlo ki pwòp (cho oswa frèt) ki soti nan wobinè epi apre, savonnen men w.
2. Fwote de (2) men w ansanm ak savon an, asire w ke do men w jwenn savon, mitan dwèt ou yo, anba zong ou ak anlè pwànnye w.
3. Pou piti, fè 20 segonn ap fwote men w.
4. Rense tout men w ak dlo pwòp ki soti nan wobinè a.
5. Seche men w ak yon sèvyèt ki pwòp oswa kite li seche nan lè a. Fèmen wobinè a ak yon papyè twalèt ki pwòp.

Kòman pou nou itilize dezenfektan

1. Mete dezenfektan a nan pla men yon men.
2. Fwote de (2) men w ansanm ak sanitayzè a, asire w ke do men w jwenn ak sanitayzè a, mitan dwèt ou yo, anba zong ou ak anlè pwànnye w. Kontinye fwote men w jiskake yo sèch.



Kontwole Nivo Oksijèn Ou (“SpO2”) grasa yon Oksimèt Poul

- COVID-19 kapab lakòz yon enfeksyon nan poumon ou yo. Enfeksyon an kapab bese nivo oksijèn yo nan san ou, pafwa sa rive anvan ou kapab santi li. Sa kapab danjere.
- Si ou teste pozitif pou COVID-19, ou ka deside achte yon oksimèt poul **oswa** ou ka resevwa youn nan men pwofesyonèl swen sante ou.
- Siveye nivo oksijèn ou lè ou itilize oksimèt poul la toulejou. Tcheke nivo oksijèn ou twa fwa pandan jounen an.
- Rele 911 oubyen ale nan sal ijans si nivo oksijèn ou bese anba 90%.

Enskri pou w ka jwenn mesaj tèks gratis ki pèsonalize pou ba w sipò

Pwogram Siveyans Oksijèn COVID-19 Test & Trace la voye mesaj pou ou ak enstriksyon toulejou pou ede w siveye oksijèn ou epi pou w ka konnen kilè pou chèche jwenn swen. Chak jou, aprè ou fin tekste nivo oksijèn ak vitès batman kè w, ou pral resevwa konsèy pèsonalize ak enstriksyon ki baze sou rezilta aparèy la make.

Pou kapab enskri, tekste “COVID” bay 89888.



Kijan yon oksimèt poul mache?

Yon oksimèt poul fasil pou itilize. Li sèvi ak limyè pou tcheke nivo oksijèn nan san ou. Pou pifò moun yo, yon nivo oksijèn ki nòmal pi wo pase 94%.

Kijan mwen kapab sèvi ak oksimèt poul mwen an?

- **Premye Etap:** Limen aparèy oksimèt poul lan.
- **Dezyèm Etap:** Mete lendèks ou nan oksimèt poul lan, zong dwèt ou sipoze bay pa anlè.
- **Twazyèm Etap:** Rete tann pou ekran an bay yon nimewo. Si ekran pa bay okenn nimewo, eseye itilize yon lòt dwèt (pa itilize lepous ou).
- **Katriyèm Etap:** Nimewo ki make “SpO2” a se nivo oksijèn ou. Lòt nimewo a se vitès batman kè w.

Kijan mwen kapab jwenn rezilta oksijèn ki pi presi yo?

- Sèvi ak oksimèt poul san andedan kay, pandan w ap repoze epi pandan w ap respire dousman.
- Rete tann ant 30 a 60 segonn aprè ou fin mete oksimèt poul lan sou ou.
- Sèvi ak oksimèt poul lan sou yon dwèt ki pa gen kitèks ladan.
- Asire w dwèt ou yo pa frèt lè w ap itilize oksimèt poul lan.


Rele oswa imèl doktè w lan epi di li nivo oksijèn ou

Si ou pa gen doktè, rele nan 844-692-4692 pou jwenn youn. Nou pral mete anplas yon randevou pou w pou w kapab pale ak doktè a nan telefòn oubyen nan videyo tchat.

Kisa mwen sipoze fè si nivo oksijèn mwen ba?

Anvan tou, eseye pran plizyè gwo respirasyon. Apresa suiv gid sa selon lekti ou.

Nivo Oksijèn	Gid
Anba 90%	Rele nan 911 Oswa ale nan Sal Ijans (Emergency Room) ki pi pre w la imedyatman. Yo ka bezwen fè yon radyografi lestomak oswa yon tès kè pou ou.
90% - 94%	Rele doktè w la imedyatman Si w pa gen yon doktè, chèche swen an ijans. Ale nan www.ExpressCare.nyc atravè nenpòt ki aparèy oswa rele nan 332-220-1337 . Yon doktè ap evalye w atravè telefòn oswa videyo.





Pran epi Rapòte Tanperati, Nivo Oksijèn ak Sentom ou yo

Lafyèw se yon sentom komen COVID-19 epi li ka endike yon maladi ki pi grav. Pran tanperati w de (2) fwa pa jou, nan maten ak nan aswè. Si tanperati w pi wo pase 100.4°F (38°C), rele doktè w la.



Siveye sentòm ou yo toulejou epi pale ak doktè w si ou gen kesyon oswa preyokipasyon. Si w pa gen yon doktè, rele nan 844-NYC-4NYC (844-692-4692) pou yo mete w an kontak ak yonn.



Sèvi a tablo ki anba a pou anrejistre tanperati ou, nivo oksijèn (“SpO2”) si ou gen yon aparèy ki sèvi ak dwèt la pou kontwòle nivo oksijèn lakay ou, ak nenpòt lòt sentòm pandan separasyon ou an.

Jounal Tanperati, Nivo Oksijèn ak Sentom pou _____

METE NON AN



Dat	Lè	Tanperati (An °F oswa °C)	Nivo Oksijèn (“SpO2”)	Lòt sentom (egzanp, tous, souf kout, pwoblèm respirasyon, pwoblèm ki pa lye ak respirasyon) oswa lòt
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			
	AM			
	PM			

Enfòmasyon sou lafyèv pou moun ki gen 18 lane oswa mwens

Piba a se gid pou timoun ki gen sentom COVID-19. Si w panse ke timoun ou an vrèman malad, ou sipoze pale ak doktè yo a, kenepòt tanperati yo ta genyen. Si ou santi ke sentom yo yo mande swen an ijans, rele nan 911 oswa ale nan Sal Ijans ki pi prè w la.

Laj	Tanperati	Gid
0 - 3 mwa	100.4°F (38°C) oswa pi wo	Rele doktè yo a oswa al nan Sal Ijans lan imedyatman
3 mwa - 3 lane	102.2°F (39°C) oswa pi wo	Rele doktè yo a pou w konnen si timoun ou an sipoze wè doktè
3 lane - 18 lane	Plis pase 2 jou ak yon lafyèv 100.4°F (38°C) oswa pi wo	Rele doktè yo a. Mete yo okouran si timoun ou an gen nenpòt nan sentom ki vin annapre yo: <ul style="list-style-type: none">• Doule nan vant• Vomisman• Dyare• Gratèl• Zye wouj• Lang oswa bouch wouj oswa fann• Pye oswa men ki anfle oswa wouj• Maltèt• Doule nan kou oswa ki anfle



Tretman pou COVID-19

Èske gen tretman pou COVID-19 la?


Wi! Gen chwa tretman ki disponib pou COVID-19 ki kapab anpeche moun ki gen gwo risk yo vin pi malad, moun ki te deja vaksinen ladann tou. Yo mache pi byen lè pasyan yo resevwa yo bonè jan sa posib aprè w ap kòmanse santi w malad. W ap jwenn sèten tretman ki gratis atravayè NYC Health + Hospitals, menmsi ou pa gen asirans.

Ki chwa tretman ki genyen?

De tretman disponib pou COVID-19 yo se medikaman pou pran pa bouch ak antikò monoklonal. Antikò monoklonal yo imite repons natirèl kò w pou goumen kont yon enfeksyon. Pou toude tretman, plis ou pran tretman an bonè, se plis li gen chans pou l ede w! Doktè ou ka rekòmande tretman ki pi bon pou ou a.


Kijan mwen ka enskri pou resevwa tretman?

NYC Health + Hospitals ofri toude tretman yo gratis bay moun ki gen gwo risk yo. Pou pale ak yon pwofesyonèl medical, rele Virtual ExpressCare nan 631-397-2273 oswa ale sou [expresscare.nyc](https://www.expresscare.nyc).



Konsèy pou Fè yon Tès Lakay

- **Tcheke dat ekspirasyon tès la.** Pa sèvi ak tès ki ekspire oswa ak pati nan tès la ki domaje oswa ki dekolore.
- **Li enstriksyon sou bwat la.** Swiv etap yo avèk prekosyon epi nan lòd yo liste a. Si ou pa fè sa, rezilta tès ou gendwa pa kòrèk.
- **Pa louvri tisak tès yo anvan ou pare pou kòmanse.** Dezenfekte tab la oswa lòt sifas kote ou pral fè tès la.
- **Anvan ou pran echantiyon an, lave men ou ak savon epi dlo.**
- **Pa itilize yon lòt fwa tisak oswa pati nan tès la.**
- **Lave men ou lè w fini.**



Gid pou Izolasyon ak Karantèn

Pou jwenn dènye enfòmasyon ak gid ki pi detaye, tankou kisa pou w fè si w santi sentòm men ou poko gen rezilta tès la, tanpri ale sou bit.ly/covidguidancenyc oswa eskane kòd QR ki anba a pou w itilize Zouti Gid pou Izolasyon ak Karantèn COVID-19 nou an. Apre ou fin reponn detwa ti kesyon tou kout, ou pral resevwa gid pèsonalize selon pwòp sikonstans pa ou.



Kenbe telefòn ou sou kòd la epi ouvè lyen an.

Voye lyen an nan yon mesaj bay kontak ou ak moun ou renmen yo.

Pou resevwa gid pèsonalize ou, rele Liy Dirèk NYC Test & Trace la nan 212-COVID19 (212-268-4319) tou.

Epi asire w ou gen enfòmasyon ki pi resan sou COVID-19 yo, tanpri ale sou bit.ly/NYCTraceInfo, kote ou pral jwenn gid pou izolasyon ak karantèn aktyèl yo ak yon lyen ki mennen ou nan yon zouti gid pèsonalize, plis enfòmasyon sou tretman medikal, tès, kijan pou w jwenn yon lèt nan travay ou ak plis toujou.

Si w Teste Pozitif pou COVID-19

Si w teste pozitif pou COVID-19, ou dwe suiv gid ki anba a, kite ou vaksinen ou pa.

- Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun pandan 5 jou.
- Si ou pa gen okenn sentòm, oswa sentòm yo ap rezoud aprè 5 jou, ou kapab ki kay ou.
- Kontinye mete yon mask lè w bò kote lòt moun pandan yon lòt 5 jou.



- Piga ou vwayaje jiska 10 jou konplè apre sentòm ou yo te kòmanse oswa, si ou pa gen okenn sentòm, dat ou te pran tès ki pozitif la.
- Si ou gen lafyèv, kontinye rete lakay ou epi lwen moun jiskaske fyèv la pase.

Si ou te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19

Si ou ajou ak vaksen COVID-19 ou yo, ki vle di ou te:

Te resevwa yon piki rapèl

OSWA

Pran tout premye seri vaksen Pfizer oswa Moderna yo nan 5 mwa ki sot pase yo

OSWA

Pran tout premye seri vaksen Johnson & Johnson yo nan 2 mwa ki sot pase yo

Après, ou dwe:

- Mete yon mask lè w bò kote lòt moun pandan 10 jou.
- Fè tès la sou 5èm jou an, si sa posib.
- Si ou genyen sentòm, fè tès epi rete lakay ou lwen lòt moun mou suiv gid ki apwopriye yo.

Si ou pa ajou ak vaksen COVID-19 ou yo, ki vle di ou te:

Pran tout premye seri vaksen Pfizer oswa Moderna yo depi plis pase 5 mwa epi ou pa te pran vaksen rapèl la

OSWA

Pran tout premye seri vaksen Johnson & Johnson yo depi plis pase 2 mwa epi ou pa te pran vaksen rapèl la

OSWA

Pa vaksinen

Après, ou dwe:

- Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun pandan 5 jou. Après kontinye mete yon mask lè w bò kote lòt moun pandan yon lòt 5 jou.
- Si w pa kapab rete nan karantèn, ou dwe mete yon mask pandan lè w bò kote lòt moun 10 jou konplè.
- Fè tès la sou 5èm jou an, si sa posib.
- Piga ou vwayaje pandan 10 jou konplè. Si ou oblije vwayaje pandan jou 6èm a 10èm jou yo, mete yon mask ki byen chita sou vizaj ou tout tan ou nan transpò an.
- Si ou genyen sentòm, fè tès epi rete lakay ou lwen lòt moun mou suiv gid ki apwopriye yo.




Plis Resous pou Ou ak Moun ou Renmen Yo

Èske ou gen kesyon sou NYC Test & Trace oswa sou COVID-19? Rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) oswa al gade nan testandtrace.nyc oswa bit.ly/NYCTraceInfo.

- **Vaksen kont COVID-19 la sove lavi.** Lè w pran vaksen, ou ede pwoteje tèt ou epi ou fè kominote w la pi an sekirite. Si w te gen COVID-19 la, li toujou enpòtan pou w pran vaksen an. Ou dwe ret tann ou geri epi ou fin fè tout tan izolasyon an pou w evite ekspoze lòt moun kote yo bay vaksen an pandan w ka kontajye. Tout Nouyòkè yo ta dwe resevwa yon dòz boustè depi yon elijib epi sèten Nouyòkè gendwa elijib tou pou yon twazyèm oswa katyèm dòz. Gen vaksen moun ka pran lakay yo disponib pou tout moun. Vizite nyc.gov/vaccinefinder oubyen rele 877-VAX-4NYC (877-829-4692) pou w jwenn yon kote yo bay vaksen an oswa pwograme pou pran yon vaksen lakay ou.
- **Konje peye pou w ka pran vaksen:** Nouyòkè yo ka resevwa jiska katrè konje peye pou chak dòz vaksen yo, ak piki boustè yo ladan. Yon anplwaye gen otorizasyon pou yon total katrè pou yon vaksen ki gen yon sèl dòz oubyen uitè total pou yon vaksen ki gen de dòz. Yo peye w konje sa nan to salè regilye w la, epi yo pa ka mete l sou yon lòt konje. Si w santi efè segondè aprè w fin pran vaksen w lan, ou ka itilize nenpòt konje maladi w te genyen yo pou w refè.
- **Si w bezwen jwenn manje,** tanpri rele nimewo pou rele bak Liy Dirèk Test & Trace Corps la ki se 212-COVID19 (212-268-4319). Peze 5 si ou bezwen èd pou mete w apa oubyen pou rete an karantèn lakay ou epi apresya peze 2 pou livrezon manje ann ijans.
- **Konje Maladi ki gen Rapò ak COVID:** Travayè ki gen COVID-19 yo oswa sa yo ki te an kontak ak yon moun ki te gen COVID-19 ka jwenn konje pou maladi kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo. Lwa eta ak lwa lokal kite travayè yo pran konje pou pran swen tèt yo oswa yon fanmi. Si ou bezwen yon dokiman pou bay patwon ou ki konfime ou te teste pozitif, ou ka ale sou coronavirus.health.ny.gov/new-york-state-contact-tracing. Si ou gen kesyon oswa bezwen èd pou ranpli fòm nan, rele 311 oswa 855-491-2667 epi peze 1 pou “If you need a document for your employer” (si ou bezwen yon dokiman pou bay patwon ou).
- **Ou bezwen gen aksè a asirans sante?** Rele nan 311 oswa tekste “CoveredNYC” nan 877877. Gen posiblite pou w elijib pou NYC CARE, yon pwogram ki garanti sèvis gratis ak on mache, kèlkeswa sitiyasyon ou ak imigrasyon, atravè NYC Health + Hospitals. Rele 646-NYC-CARE (646-692-2273 pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou w enskri.
- **Vizite wèbsayt AfterCare Take Care la** nan nyc.gov/aftercare oswa rele 212-COVID19 (212-268-4319) epi peze 4 si ou kontinye gen sentom ki gen pou wè ak COVID-19 nan semèn ak mwa yo ki vini apre peryòd izolasyon ou an.



- **Sant Ekselans COVID-19 yo:** NYC Health + Hospitals gen Sant Sante Kominotè ki rezève pou moun k ap refè apre yo te gen COVID-19 la epi ki ap ofri anpil sèvis pou kenbe abitan Nouyòk yo an sante. Jwenn plis enfòmasyon nan nyc.gov/aftercare oubyen rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) epi peze 0.
- **Pou jwenn avantaj esansyèl tankou èd lajan kach, èd pou lwaye ann ijans oswa paman bòdwo sèvis leta bay yo,** rele ACCESS HRA nan 718-557-1399 (lendi pou vandredi soti 8è a.m. jiska 5è p.m.) oubyen al gade nan access.nyc.gov.
- **Èske w santi w enkyè oswa w tris?** Rele nan 888-NYC-WELL (888-692-9355), tekste “WELL” nan 65173 oswa ale sou entènèt nan nyc.gov/nycwell pou w pale ak yon konseye pwofesyonèl.
- **Èske ou pa gen okenn pwoblèm ki gen rapò ak vyolans nan fanmi?** Rele nan 800-621-HOPE (800-621-4673) pou w pale ak yon konseye pwofesyonèl ki ka ba w konsèy konfidansyèl sou kriz w ap travèse a ak planifikasyon an sekirite, epi konekte w ak yon kote konfidansyèl, an pè pou w viv.
- **Rapòte diskriminasyon ki gen pou wè ak COVID-19 la bay Ekip Entèkansyon COVID-19 pou Dwa Moun Komisyon Vil Nouyòk la.** Nenpòt moun ki te viktim pèsekisyon oswa diskriminasyon nan lojman, nan travay oubyen nan nenpòt kote piblik an rapò ak COVID-19 kapab fè yon rapò lè yo ranpli yon fòm anliy nan nyc.gov/StopCOVIDHate oubyen si yo rele nan 212-416-0197.
- **Vaksen lagrip rekòmande pou tout moun ki gen 6 mwa oswa ki pi gran.** Ou kapab jwenn anplasan ki bay vaksen kont lagrip yo lè w rele nan 311, oswa al gade nan nyc.gov/flu, oubyen tekste “flu” nan 877877.
- **Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan COVID-19,** al gade nan nyc.gov/health/coronavirus.



Al gade nan testandtrace.nyc oubyen eskane kòd QR lan pou jwenn plis enfòmasyon.

**VAKSEN POU TOUT MOUN NAN NYC:
SAN DANJE, GRATIS, FASIL**





Vizitoni testandtrace.nyc ose skanoni kodin QR për ta gjetur këtë udhëzues përkujdesjeje në shqip.

تفضّل بزيارة testandtrace.nyc أو امسح رمز الاستجابة الفورية (QR) للاطلاع على دليل العناية هذا باللغة العربية.

এই যত্ন নিন (Take Care) গাইডটি বাংলায় খুঁজতে testandtrace.nyc ওয়েবসাইটে যান অথবা QR কোডটি স্ক্যান করুন।

浏览 testandtrace.nyc 或扫描二维码以查找简体中文版本的“自我照护指南”。

瀏覽 testandtrace.nyc 或掃描行動條碼以取得繁體中文版本的「自我照護指南」。

Consultez le site testandtrace.nyc ou scannez le code QR pour trouver ce guide Take Care en français.

इस टेक केयर गाइड को हिंदी में प्राप्त करने के लिए testandtrace.nyc पर जाएँ या QR कोड स्कैन करें।

testandtrace.nyc를 방문하시거나 QR 코드를 스캔하여 이 Take Care 가이드를 한국어로 보실 수 있습니다.

Odwiedź stronę testandtrace.nyc lub zeskanuj plik kod QR, aby znaleźć ten poradnik w języku polskim.

Посетите сайт testandtrace.nyc или отсканируйте QR-код, чтобы найти данное руководство с информацией о программе Take Care на русском.

Visite testandtrace.nyc o escanee el código QR para encontrar esta Guía para Cuidarse en español.

testandtrace.nyc پر جائیں، یا پھر اردو میں اس دیکھ بھال کے گائیڈ کو کھوجنے کے لیے کیوار کوڈ (QR code) کو اسکین کریں۔

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Test & Trace
Corps

testandtrace.nyc